



ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU SÈVIS RELIJYE AK FINERÈ YO PANDAN ETA IJANS SANTE PIBLIK POU COVID-19 LA

Lè ou fin li dokiman sa a, ou ka konfime sa anba dokiman an.

Apati dat 26 jen 2020

Objektif

Yo te kreye Enstwiksyon Pwozivwa pou Aktivite Sèvis ak Operasyon Relijye ak Finerè pou Enstitisyon Relijye yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 yo ("Enstwiksyon Pwozivwa pou Sèvis ak Operasyon Relijye ak Finerè pou Enstitisyon Relijye yo pou COVID-19") pou ka bay dirijan relijye ak ofisyè sèvis relijye ak finerè yo, ak anplwaye, antrepriz, volontè, ak patisipan yo prekosyon ke yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19 pandan sèvis relijye ak finerè yo ap rekòmanse ouvri oswa ogmante aktivite yo. Enstwiksyon sa yo aplike pou tout rasanbleman relijye ak finerè yo, ki enkli sèvis antèman ak fineray yo.

Lis enstwiksyon sa yo se kondisyon minimòm sèlman, epi nenpòt enstitisyon oswa operatè lib pou yo pran nenpòt prekosyon adisyonèl oswa limitasyon ki ogmante. Lis enstwiksyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik ke nou konnen nan moman piblikasyon an, epi dokiman sou ki lis enstwiksyon sa yo baze yo ka epi ap chanje souvan. Antite ki Responsab yo – jan yo defini anba la a – gen responsab pou yo adere a tout kondisyon lokal, eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite sèvis relijye ak finerè yo. Antite ki Responsab yo responsab tou pou yo rete okouran de nenpòt dènye mizajou ke yo fè nan kondisyon sa yo, epi tou enkòpore yo nan nenpòt aktivite sèvis relijye ak finerè yo ak/oswa Plan Sekirite Espas yo.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202 (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, pou mande nenpòt moun ki ap itilize sistèm transpò piblik oswa prive yo oswa lòt veyikil a lwe yo, ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo dwe mete yon mask oswa mask pou kouvri figi yo pou kouvri nen ak bouch yo pandan vwayaj yo. Li te mande tou pou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive yo mete yon mask oswa mask pou kouvri figi yo ki kouvri nen ak bouch yo pandan ke gen pasaje nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize dirijan / pwopriyete biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti vizaj oswa mask la.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York an faz ki baze sou yon analiz rejyonal ki baze sou done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te pèmèt pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka

enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou trase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 15 me 2020 nan divès rejyon New York, ki baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke dezyèm faz reyouvèti a pral kòmanse nan divès rejyon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablo avètisman antisipe ki ap rasanble efò kòlèk enfòmasyon entansif eta a pou moun New York yo, otorite gouvènman yo, ak ekspè yo pou siveye epi revize jan yo ap jere viris la pou asire yon reyouvèti an sekirite. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke twazyèm faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen nan divès rejyon New York.

An plis de nòm nou pral site la yo, nou dwe swiv enstwiksyon ak direktif ki soti nan Depatman Sante a pou ka kenbe anviwònman travay ki pwòp epi sekirize.

Tanpri remake ke kote enstwiksyon ki nan dokiman sa a diferan de lòt enstwiksyon ki nan lòt dokiman ke Eta New York te pibliye yo, yo ta dwe aplike enstwiksyon ki pi resan an.

Nòm pou Aktivite Sèvis Relijye ak Finerè yo ki Responsab nan Eta New York

Pa gen okenn aktivite sèvis relijye ak finerè yo ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor, DOL).

Nòm Eta a ki genyen nan enstwiksyon sa a aplike pou tout aktivite sèvis relijye ak finerè yo ki an fonksyonman pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 la jiskaske Eta a anile oswa amande yo. Operatè sèvis relijye ak finerè yo, oswa yon lòt antite ke operatè a ka chwazi (nan toulède ka yo, "Antite ki Responsab yo"), dwe responsab pou yo ranpli tout nòm sa yo.

Enstwiksyon nou pral site la yo òganize an twa kategori diferan: moun yo, espas yo, ak pwosesis yo.

I. MOUN YO

A. Distans Fizik

- Antite ki Responsab yo dwe asire ke pou nenpòt sèvis relijye oswa finerè yo, kapasite kongregasyon/patisipan yo limite:
 - Pou zòn ki nan Premye Faz yo, limite kapasite yo a pa plis pase 10 moun pou nenpòt sèvis ki ap fèt anndan oswa deyò etablisman yo.
 - Pou zòn ki nan Dezyèm ak Twazyèm Faz yo, limite kapasite yo a pa plis pase 25% kapasite maksimòm kantite moun ki posib pou yon zòn an patikilye jan ke yo te etabli sa nan sètifika sou kantite moun posib yo pou sèvis ki ap fèt anndan etablisman yo, oswa pa pi plis pase 25 moun pou sèvis ki ap fèt deyò etablisman yo.
 - Pou zòn ki nan Katriyèm Faz yo, limite kapasite yo a pa plis pase 33% kapasite maksimòm kantite moun ki posib pou yon zòn an patikilye jan ke yo te etabli sa nan sètifika sou kantite moun posib yo pou sèvis ki ap fèt anndan etablisman yo, oswa pa pi plis pase 50 moun pou sèvis ki ap fèt deyò etablisman yo.

- Si gen batiman separe ki disponib pou moun itilize, Antite ki Responsab yo ka gen divès gwoup ki gen 10 moun an menm tan nan batiman separe yo pou lokal ki nan Premye Faz yo; 25% kapasite maksimòm yo an menm tan nan batiman separe yo pou lokal ki nan Dezyèm ak Twazyèm Faz yo; oswa 33% kapasite maksimòm yo an menm tan nan batiman separe yo pou lokal ki nan Katyèm Faz yo, a kondisyon ke batiman yo gen pòt rantrè ak sòti espesifik ki separe epi gwoup moun yo pa fè entèraksyon ant yo.
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo toujou kenbe yon distans sosyal omwen sis pye ant tout moun yo yo, amwens ke sekirite aktivite prensipal yo mande yon distans ki pi piti (pa egzanp, pou pote sèkèy yo), oswa moun yo se manm menm fanmi. Sepandan, nenpòt aktivite kote moun ap chante yo dwe bay yon distans ant moun yo ki omwen douz pye, ki sijè a mezi pwoteksyon adisyonèl. Nenpòt lè anplwaye, volontè, ak/oswa patisipan yo dwe vin a sis pye de yon lòt moun, (oswa douz pye si yo ap chante) yo dwe mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo, amwens ke yo se manm menm fanmi. Anplwaye yo, volontè yo, ak/oswa patisipan yo dwe prepare pou bay yon mask pou kouvri figi yo si yon lòt moun vin sanzatan a sis pye de yo (pa egzanp, lè y'ap mache al chita). (Gade anba la a).
 - Mask pou kouvri figi ki akseptab pou pwoteje kont COVID-19 yo enkli men yo pa sèlman mask ki fèt ak rad pou kouvri figi yo ak mask yo ka jete ki kouvri alafwa nen ak bouch yo..
- Antite ki Responsab yo ka modifiye itilizasyon ak/oswa limite kantite lokal yo (pa egzanp, podyòm yo) ak zòn kote moun chita yo, pou ke manm pèsonèl, volontè, ak patisipan yo ka omwen a sis pye youn de lòt nan tout direksyon yo (pa egzanp, bò kote lòt, nan ran yo, ak lè yo fas a fas), epi yo p'ap pataje lokal oswa chèz yo san netwayaj ak dezenfeksyon ki fèt ant chak itilizasyon, amwens ke tout moun yo se manm menm fanmi (pa egzanp, pèmèt manm menm fanmi yo chita ansanm, a kondisyon ke gen yon distans sis pye ant manm ki pa nan menm fanmi yo). Lè distans sosyal yo pa posib ant lokal travay yo (pa egzanp, podyòm mizik yo), Antite ki Responsab yo dwe bay epi mande itilizasyon mask ki kouvri figi epi/oswa mete baryè fizik yo, tankou mi baryè an plastik, olye de mask ki kouvri figi nan zòn kote yo pa pral afekte sikilasyon lè, chofaj, rafrechisman, oswa ayerasyon.
 - Si yo itilize, yo dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak direktiv OSHA yo.
 - Opsyon baryè fizik yo ka enkli: band rido, glas ki epè oswa materyèl similè yo, oswa lòt divizè oswa separatè ki enpèmeyab yo.
- Antite ki Responsab yo dwe entèdi itilizasyon espas piti yo (pa egzanp, veyikil yo, asansè yo) pa plis ke yon moun alafwa, amwens ke tout moun ki nan espas sa a an menm tan mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo. Sepandan, menm si yo mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo, kantite moun ki nan espas la pa dwe janm depase 50% kapasite maksimòm espas oswa veyikil la, amwens ke si li te kreye pou yon sèl moun itilize li. Antite ki Responsab yo ta dwe ogmante nan pi gwo mezi posib ayerasyon ak lè ki soti deyò (pa egzanp, ouvri fenèt ak pòt yo), pandan ke y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo. Antite ki Responsab yo ta dwe pran mezi adisyonèl pou evite rasanbleman nan espas atant pou asansè yo epi limite dansite nan asansè yo, tankou pèmèt itilizasyon eskalye yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe mete sou pye mezi ki pou redwi sikilasyon apye nan de direksyon yo apati itilizasyon tep oswa siy ak flèch yo nan koulwa, koridò, ban, oswa espas ki kwense yo, epi poste afichaj ak makè distans yo ki endike espas sis pye yo nan espas ke moun itilize an komen yo ak nenpòt zòn kote moun fè liy yo nòmalman oswa kote moun ka rasanble yo (pa egzanp, twalèt yo, pòt rantrè yo, espas evalyasyon sante yo, elatriye).
- Antite ki Responsab yo dwe poste afichaj yo nan etablisman an, ki konsistan ak afichaj COVID-19 DOH la. Antite ki Responsab yo ka devlope epi itilize afichaj espesifik ki pèsonalize yo nan espas oswa etablisman travay yo, a kondisyon ke afichaj sa a konsistan ak afichaj Depatman an. Yo ta dwe itilize afichaj yo pou raple moun yo pou yo:

- Kouvri nen ak bouch yo ak yon mask pou kouvri figi yo lè yo pa ka kenbe distans sosyal sis pye a.
- Byen konsève epi, lè sa nesèsè, jete ekipman pou pwoteksyon pèsonèl yo.
- Adere a enstwiksyon distans fizik yo.
- Rapòte sentom oswa ekspozisyon a COVID-19 yo, ak jan pou yo fè sa.
- Swiv lis enstwiksyon sou ijyèn men ak netwayaj yo.
- Swiv etikèt ki apwopriye pou ijyèn respiratwa ak tous yo.
- Entèdi moun kenbe men oswa bay lanmen ant manm fanmi diferan yo pandan sèvis oswa priyè yo.

B. Rasanbleman nan Espas Fèmen yo

- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsòn yo (pa egzanp, repetisyon koral yo, reyinyon kongregasyon yo) nan pararmèt nou pral site la yo, epi yo ka itilize lòt metòd tankou konferans nan videyo, telefòn, oswa sèvis kote moun rete nan machin yo lè sa posib, konfòmman a Enstwiksyon CDC ki rele "Enstwiksyon Pwovizwa pou Biznis ak Konpayi Travay yo ka Planifye epi Fè Entèvansyon kont Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19)".
 - Pou zòn ki nan Premye Faz yo, limite kapasite yo a pa plis pase 10 moun pou nenpòt sèvis ki ap fèt anndan oswa deyò etablisman yo.
 - Pou zòn ki nan Dezyèm ak Twazyèm Faz yo, limite kapasite yo a pa plis pase 25% kapasite maksimòm kantite moun ki posib pou yon zòn an patikilye jan ke yo te etabli sa nan sètifika sou kantite moun posib yo pou sèvis ki ap fèt anndan etablisman yo, oswa pa pi plis pase 25 moun pou sèvis ki ap fèt deyò etablisman yo.
 - Pou zòn ki nan Katriyèm Faz yo, limite kapasite yo a pa plis pase 33% kapasite maksimòm kantite moun ki posib pou yon zòn an patikilye jan ke yo te etabli sa nan sètifika sou kantite moun posib yo pou sèvis ki ap fèt anndan etablisman yo, oswa pa pi plis pase 50 moun pou sèvis ki ap fèt deyò etablisman yo.
- Antite ki Responsab yo dwe mete an plas pratik pou distans sosyal ki apwopriye nan espas ki piti yo, tankou twalèt ak sal poz yo, epi yo ta dwe devlope afichaj ak sistèm (pa egzanp, mete siy lè yo okipe) pou limite okipasyon lè yo pa ka kenbe distans sosyal nan zòn sa yo; epi
- Antite ki Responsab yo ta dwe dekale orè manm pèsonèl ak volontè yo pou ka kenbe distans sosyal (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (pa egzanp, poz kafe, ak kòmansman/fen orè yo).

C. Aktivite Rasanbleman yo

- Antite ki Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak ak rasanbleman entèpèsonèl yo, apati metòd tankou:
 - limite prezans pèsonèl an pèsòn yo pou sèlman anplwaye/volontè ki nesèsè nan espas la;
 - fè sèvis yo deyò, lè sa posib (pa egzanp, sèvis deyò pou rasanbleman relijye yo, oswa sèvis bò tonbo yo sèlman pou fineray yo);
 - redwi kantite patisipan ki sou plas yo pou ka akomode lis enstwiksyon distans sosyal yo;
 - bay opsyon sèvis a distans yo (pa egzanp, transmisyon an dirèk, transmisyon AM/FM yo);

- pèmèt sèvis kote moun ka rete nan machin yo:
 - Asire nou ke patisipan yo rete nan veyikil yo te vini a.
 - Patisipan yo pa ta dwe fè entèraksyon fizik ak manm klèje, anplwaye, oswa patisipan ki nan lòt veyikil yo.
 - Veyikil yo dwe gen sèlman manm yon sèl fanmi;
 - Machin yo dwe a omwen 6 pye apa, oswa itilize espas pakin altènatif.
- ofri divès orè tan sèvis; ki enkli orè tan ki separe pou popilasyon ki vilnerab yo (pa egzanp, moun ki gen laj plis pase 70 ane yo, ki gen pwoblèm sante konsiderab yo, oswa moun ki gen sistèm iminitè ki afebli yo);
- ankouraje enskripsyon alavans pou ka jere kapasite yo;
- priyorize aktivite ki pèmèt ke gen distans sosyal yo olye de aktivite ki pa pèmèt sa yo;
- evite plizyè gwoup moun ak/oswa ekip ki ap travay nan yon sèl zòn lè nou ap dekale aktivite ki pwograme yo epi itilize siy pou endike zòn ki okipe yo.
- chanje oswa retire pratik ki enplike kontak tou pre oswa bò kote lòt moun yo oswa pataj atik ant manm fanmi diferan yo, tankou:
 - pataj yon vwayaj nan machin oswa limouzin ant lokal yo;
 - bay manje ak bwason pou patisipan yo anvan, pandan, oswa apre aktivite a oswa sèvis la.
- Antite ki Responsab yo dwe limite aktivite ki enplike moun ki ap chante yo, pa egzanp, yon koral, moun ki chante an solo, chantè, oswa gwoup mizik yo, amwens ke yo ka bay yon distans 12 pye separasyon ant moun yo, oswa gen distans adisyonèl oswa baryè fizik ki ka redwi transmisyon gout krache respiratwa yo.

D. Deplasman ak Operasyon yo

- Antite ki Responsab yo dwe etabli zòn ke yo te chwazi pou pase pran ak pou livrezon atik yo, sa ki ap limite kontak yo nan mezi ki posib.
- Antite ki Responsab yo ta dwe limite entèraksyon (pa egzanp, chwazi yon pòt sòti pou moun ki ap kite espas la ak yon pòt rantrè separe pou moun ki ap rantrè yo) ak deplasman sou plas yo (pa egzanp, moun yo ta dwe rete pi souvan posib bò kote lokal oswa chèz yo).

II. ESPAS YO

A. Ekipman pou Pwoteksyon yo

- Antite ki Responsab yo dwe achte, konfeksyone oswa otreman jwenn mask ki akseptab pou kouvri figi yo, epi yo ta dwe bay anplwaye yo mask sa yo gratis pandan yo nan travay la. Antite ki Responsab yo ta dwe gen disponib yon apwovizyonman mask pou kouvri figi, mask ak lòt ekipman Ekipman pou Pwoteksyon yo ki nesèsè ki disponib nan ka ke yon anplwaye bezwen yon ranplasman, oswa si yon vizitè oswa patisipan bezwen youn. Mask pou kouvri figi ki akseptab yo gen pami yo, men yo pa limite a, mask ki fèt ak rad yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, ak mask pwoteksyon figi yo.

- Antite ki Responsab yo dwe asire yo ke tout patisipan yo mete mask pou kouvri figi yo ki konplètman kouvri nen ak bouch yo, amwens ke si yo fè sa li ta pral koze pwoblèm pou sante oswa sekirite moun nan akòz yon pwoblèm medikal ke yo genyen, oswa si patisipan an gen laj pi piti pase de ane.
 - Moun yo dwe toujou mete mask ki kouvri figi yo eksepte lè yo chita, a kondisyon ke tout moun yo a sis pye apa eksepte pou manm menm fanmi imedyà yo. Dirijan relijye, ofisyè yo, volontè yo, ak/oswa patisipan yo dwe prepare pou bay yon mask pou kouvri figi yo si yon lòt moun vin sanzatan a sis pye de yo (pa egzanp, lè y'ap mache al chita).
- Yo dwe netwaye oswa ranplase mask pou kouvri figi yo apre yo fin itilize yo epi yo pa dwe pataje yo. Tanpri konsilte [enstwiksyon](#) CDC pase yo pou ka jwenn enfòmasyon adisyonèl sou mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo ak lòt tip Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl yo, ansanm ak enstwiksyon sou itilizasyon ak netwayaj yo.
- Antite ki Responsab yo dwe pèmèt moun ki ap òganize sèvis oswa seremoni relijye yo itilize pwòp mask ki akseptab pou kouvri figi yo, men yo pa ka oblije patisipan sa yo achte pwòp mask pou kouvri figi yo. An plis, enstwiksyon sa a pa ta dwe anpeche okenn anplwaye, ofisyè, volontè oswa patisipan yo mete pwòp kouvèti pou pwoteksyon pèsonèl adisyonèl yo (pa egzanp, mask chirijik, oswa pwoteksyon pou figi yo).
- Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere mete sou pye mezi ki pou limite pataj atik yo, tankou tèks relijye, plak koleksyon, ak lòt materyèl yo, epi tou evite manyen sifas komen yo, tankou ban, enstriman, pòt, ak ranp yo; oswa mande tout anplwaye ak volontè yo mete gan lè yo vin an kontak ak sifas moun manyen souvan oswa atik yo pataje ak lòt moun yo; oswa, mande anplwaye, volontè, ak patisipan yo dezenfekte oswa lave men yo anvan ak apre kontak yo.
- Si yo ap bay blouz oswa lòt rad yo, Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo netwaye epi lave yo apre chak itilizasyon.
- Antite ki Responsab yo ka mete sou pye pratik nou pral site la yo pou limite pataj materyèl yo:
 - Mete kòbèy/bwat don yo nan yon kote santral ki respekte bon jan pwotokòl distans ki an plas yo;
 - Retire tèks relijye yo sou chèz oswa ban yo, epi ankouraje kongregasyon an pote pwòp tèks pa yo;
 - Si gwoup koral/mizik yo ap rankontre, ranfòse mezi distans yo, ankouraje manm yo lave pwòp blouz yo lakay yo, epi pote pwòp enstriman mizik yo, si sa posib;
 - Adapte kèk pratik relijye ki tradisyonèlman konn made kontak tou pre oswa bò kote lòt moun yo pou ka minimize kontak ant moun yo; epi/oswa
 - Retire dlo ki nan fontèn yo oswa nan lòt sèvis oswa aktivite seremoni ki gen rapò ak dlo yo.
- Antite ki Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou jan pou yo byen mete, retire, netwaye (jan sa aplikab), epi jete PPE yo, ki enkli men ki pa sèlman, mask ki apwopriye pou kouvri figi yo.

B. Ijyèn, Netwayaj, ak Dezenfeksyon

- Antite ki Responsab yo dwe asire aderans a egzijans ijyèn, netwayaj ak dezenfeksyon yo jan ke CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "[Enstwiksyon pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak afichaj "[SISPANN PWOPAGASYON AN](#)" (STOP THE SPREAD), jan sa aplikab. Antite ki Responsab yo dwe kenbe rejis ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj ak dezenfeksyon yo.

- Antite ki Responsab yo dwe bay epi kenbe espas pou fè ijyèn men yo nan espas la, jan nou pral site la a:
 - Pou lave men yo: savon, dlo cho ki ap koule, ak sèvyèt papye ke yo ka jete.
 - Pou dezenfektan: yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl pou espas kote etablisman pou lave men yo ka pa disponib oswa pa pratik.
 - Antite ki Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men yo disponib toupatou nan lokal la pou tout patisipan ak anplwaye yo itilize. Yo ta dwe mete yo yon kote ki apwopriye tankou pòt kote moun rantre/soti yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe poste afichaj tou pre espas ki gen dezenfektan pou men yo pou endike ke moun ta dwe lave ak dlo ak savon men ki klèman sal anpil yo; dezenfektan pou men yo pa efikas pou men ki klèman sal anpil yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe mete poubèl tou pre etablisman an pou moun ka jete bagay ki sal yo, ki enkli PPE yo.
- Antite ki Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon ki apwopriye yo pou sifas ki komen epi ke moun manyen souvan yo, epi yo dwe ankouraje patisipan yo itilize materyèl sa yo, lè y'ap swiv enstwiksyon fabrikasyon yo, anvan ak apre itilizasyon sifas sa yo, epi apre fè ijyèn pou men yo.
- Antite ki Responsab yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon regilye nan lokal oswa etablisman an, ansanm ak netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou kote ki pi danjere yo ke anpil moun itilize ak pou sifas yo manyen souvan yo. Netwayaj ak dezenfeksyon yo dwe fèt yon fason minisye epi kontinyèl epi yo ta dwe fèt omwen apre chak sèvis. Tanpri konsilte "[Konsiy Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou netwaye etablisman epi dezenfekte etablisman yo.
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo regilyèman fè netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo. Nou dwe netwaye epi dezenfekte twalèt yo pi souvan depandaman de a ki frekans yo itilize yo.
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo adere a règ distans sosyal yo lè y'ap redwi kapasite twalèt yo kote sa posib.
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo dezenfekte regilyèman atik yo pataje yo apati itilizasyon dezenfektan ki anrejistre yo, ki enkli omwen ant chak sèvis. Sèvi avèk [lis pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
 - Si pwodwi netwayaj oswa dezenfeksyon yo oswa aktivite netwayaj oswa dezenfeksyon yo lakòz pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl yo (pa egzanp, atefak relijye yo), Antite ki Responsab yo dwe mete sou pye espas pou fè ijyèn pou men yo pou itilizasyon altènatif ak/oswa gan ke yo ka jete ak/oswa limitasyon kantite moun ki ap manyen materyèl sa yo.
 - Antite ki Responsab yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze yo nan ka ke gen yon ka ki pozitif pou COVID-19, epi netwayaj ak dezenfeksyon sa a dwe gen ladan, pou pi piti, tout espas ki gen anpil sikilasyon yo ak kote moun manyen souvan yo (pa egzanp, ban yo, tèks relijye yo, kòbèy kòlèk yo, ranp, pòt yo ak lòt atik yo).
- Enstwiksyon CDC pase sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman ou an](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo te sispèk yon moun oswa te konfime yon moun ki gen enfeksyon COVID-19 yo jan nou pral site la:
 - Fèmen tout espas ke moun ki malad la te itilize yo.

- Antite ki Responsab yo pa nesesèman bezwen fèmen operasyon yo, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
- Ouvri pòt ak fenèt deyò yo pou ka ogmante sikilasyon lè nan espas la.
- Rete tann 24 èdtan anvan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, rete tann pi plis posib.
- Netwaye epi dezenfekte tout espas ke moun ki malad la te itilize yo, tankou biwo, twalèt, sal komen, ak ekipman yo pataje ak lòt moun yo.
- Yon fwa ke yo byen fin dezenfekte espas la, yo ka ouvri li pou moun itilize.
 - Nenpòt moun ki pa't gen kontak tou pre oswa bò kote moun ki malad la ka retounen nan espas la imedyatman apre dezenfeksyon yo.
 - Konsilte "Enstriksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive yo Retounen Travay Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa pwòch" yo.
- Si plis pase sèt jou te pase depi lè moun ki malad la te vizite oswa itilize etablisman an, li pa nesesè pou fè netwayaj ak dezenfeksyon adisyonèl, men yo ta dwe kontinye fè netwayaj ak dezenfeksyon regilye yo.
- Pou sèvis finèrè yo, Antite ki Responsab yo dwe entèdi moun manyen, bay akolad, oswa bo kò yon moun ki mouri ke yo te konfime oswa sispèk ki te gen COVID-19 konfòmman a enstwiksyon CDC ki rele, "Enstwiksyon Finèrè pou Moun ak Fanmi yo" (Funeral Guidance for Individuals and Families).
- Antite ki Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje yo (pa egzansp, manje nan modèl bifè yo).

D. Reyouvèti An Plizyè Faz

- Yo ankouraje Antite ki Responsab yo fè aktivite reyouvèti yo an plizyè faz pou ke yo ka pèmèt yo rezoud pwoblèm fonksyonman yo anvan aktivite pwodiksyon oswa travay yo retounen nan nivo nòmal yo. Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere limite kantite manm pèsònèl ak volontè, èdtan, ak kantite patisipan ki disponib pou yo bay sèvis lè y'ap retounen ouvri pou premye fwa pou yo ka bay operasyon ki gen kapasite pou ajiste a chanjman yo.

D. Plan Kominikasyon

- Antite ki Responsab yo dwe bay deklarasyon ki montre ke yo te revize epi konprann lis enstwiksyon ke Eta a te pase yo, epi ke yo pral mete yo sou pye.
- Antite ki Responsab yo dwe devlope yon plan kominikasyon pou anplwaye, volontè, oswa kongregasyon yo, ki gen ladan enstwiksyon, fòmasyon, afichaj ki aplikab, ak yon mwayen ki konsistan pou bay manm pèsònèl yo enfòmasyon. Antite ki Responsab yo ka konsidere devlopman paj entènèt yo, gwoup tèks ak imèl yo, ak rezo sosyo.

III. PWOSESIS YO

A. Evalyasyon ak Tès yo

- Antite ki Responsab yo dwe mete sou pye pratik evalyasyon sante jounalye obligatwa yo pou anplwaye, dirijan relijye, ak volontè yo. Yo ankouraje Antite ki Responsab yo ofri evalyasyon sante opsyonèl pou patisipan yo.
 - Yo ka fè pratik evalyasyon yo a distans (pa egzanp, pa telefòn oswa ankèt elektwonik), anvan ke moun nan vin nan etablisman an, nan mezi sa posib; oswa yo ka fè yo nan espas la.
 - Yo ta dwe kowòdone evalyasyon yo pou anpeche moun yo melanje an kontak tou pre youn ak lòt anvan yo fin konplete evalyasyon yo.
 - Pou pi piti, yo ta dwe konplete evalyasyon yo apati itilizasyon yon kesyonè ki ap detèmine si wi ou non moun nan te:
 - (a) an tout konesans li tou pre oswa bò kote yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 oswa ki gen oswa te gen sentom COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo;
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo; epi/oswa
 - (c) santi nenpòt nan sentom COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo.
- Ale nan ensiy CDC a sou "[Sentom Kowonaviris](#)" (Symptoms of Coronavirus) la pou enfòmasyon ki pi ajou sou sentom ki asosye ak COVID-19 la.
- Antite ki Responsab yo ta dwe mande moun yo pou yo imedyatman revele si ak lè repons yo bay pou nenpòt kesyon nou sot mansyone anlè a yo te chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom yo, alafwa pandan orè travay yo oswa orè an deyò travay yo.
- Yo ka fè verifikasyon tanperati jounalye pou anplwaye yo konfòmeman a lis enstwiksyon Komisyon Opòtinite Anplwa Egal Ego Ameriken (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) oswa DOH yo. Antite ki Responsab yo gen entèdiksyon pou yo kenbe rejis sou enfòmasyon sante moun yo (pa egzanp, enfòmasyon sou tanperati yo).
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke nenpòt manm pèsònèl ki ap fè aktivite evalyasyon yo, ki enkli verifikasyon tanperati yo, dwe byen pwoteje tèt yo yon fason ki apwopriye kont ekspozisyon yo a anplwaye oswa vizitè ki potansyèlman enfekte ki ap antre nan espas la. Pèsònèl ki ap fè aktivite evalyasyon yo dwe pran fòmasyon nan men moun ki familyè ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo.
- Moun ki ap fè evalyasyon yo dwe resevwa epi yo ta dwe itilize PPE yo, ki enkli pou pi piti, yon mask pou kouvri figi yo, epi sa ka enkli gan, yon blouz, ak/oswa yon pwoteksyon pou figi yo.
- Yo pa ta dwe pèmèt yon moun ke yo evalye ki pozitif pou sentom COVID-19 yo antre nan espas rasanbleman an, epi yo ta dwe voye yo lakay yo epi mande yo kontakte founisè swen sante yo pou ka fè evalyasyon ak tès. Antite ki Responsab yo dwe imedyatman enfòmè depatman sante lokal eta ak lokal la sou ka sa a si rezilta tès yo pozitif pou COVID-19 epi ke yo enfòmè pa moun oswa gwoup moun ki afekte yo. Antite ki Responsab yo ta dwe bay moun nan enfòmasyon sou resous ki genyen pou swen sante ak tès yo.
- Pati Responsab yo dwe ale nan "[Ensiy pwovizwa pou anplwaye piblik ak prive k ap retounen travay apre enfeksyon oswa ekspozisyon a COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la konsènan pwotokòl ak politik

pou anplwaye k ap chèche retounen travay apre yon ka COVID-19 yo te sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te nan kontak pre oswa kole ak yon moun ki gen COVID-19.

- Antite ki Responsab yo dwe chwazi yon pwèn kontak, ki ka varye selon aktivite, lokal, orè oswa jou, ki responsab pou resevwa epi ateste ke yo te revize tout kesyonè yo, epi yo dwe idantifye kontak sa tou kòm antite pou moun yo enfòmè si pi devan yo vin santi sentom ki gen rapò ak COVID-19 yo, jan yo make nan kesyonè a.
- Antite ki Responsab yo dwe chwazi yon sipèvizè sekirite espas la ki gen responsabilite ki enkli konfòmite an pèmanans ak tout aspè ki nan plan sekirite espas la.
- Nan mezi sa posib, Antite ki Responsab yo ta dwe konsève yon dosye sou chak moun, ki enkli anplwaye ak vizitè yo, ki ta ka an kontak tou pre oswa bò kote lòt moun ki nan zòn oswa espas rasanbleman an; sa pa enkli livrezon ki fèt ak ekipman PPE ki apwopriye oswa apati mwayen san kontak yo. Dosye yo ta dwe gen enfòmasyon kontak yo, yon fason pou ke yo ka idantifye, trase epi enfòmè tout kontak yo nan ka ke yo dyagnostike yon anplwaye, volontè, oswa patisipan kòm yon moun ki gen COVID-19. Antite ki Responsab yo dwe kowopere ak efò depistaj kontak depatman sante lokal ak eta yo. Dosye a pa bezwen kenbe yon lis patisipan yo.
- Antite ki Responsab yo pa ka mande patisipan yo fè depistaj sante oswa bay enfòmasyon kontak yo men yo ka ankouraje patisipan yo fè sa. Antite ki Responsab yo ka bay yon opsyon pou patisipan yo ka bay enfòmasyon kontak yo pou ke yo ka mete yo nan dosye epi kontakte yo pou depistaj kontak yo, si sa nesèsè.

B. Depistaj ak Reperaj

- Antite ki Responsab yo dwe enfòmè depatman sante lokal ak eta a imedyatman apre yo fin enfòmè sou nenpòt rezilta tèst ki pozitif pou COVID-19 pou yon anplwaye oswa dirijan relijye ki nan lokal yo a.
- Nan ka ke yon anplwaye oswa dirijan relijye te teste pozitif, Antite ki Responsab yo dwe kowopere ak depatman sante lokal ak eta a pou ka depiste tout kontak yo nan espas travay la epi enfòmè depatman sante lokal ak eta a sou tout anplwaye ak vizitè ki te rantre nan lokal la soti depi 48 èdtan anvan anplwaye a te kòmanse santi sentom COVID-19 yo oswa te teste pozitif, nenpòt sa ki te rive anvan, men yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak règleman federal ak eta yo mande sa.
- Depatman sante lokal ak eta yo pral mete sou pye sipèvizyon ak limitasyon deplasman moun ki enfekte oswa ki ekspozè yo ki enkli izòlman oswa karantèn lakay yo.
- Moun ke yo te alète ke yo te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki gen COVID-19, epi ke yo te alète apati depistaj, reperaj oswa lòt mekanis yo, gen obligasyon pou yo rapòte tèt yo bay konpayi travay yo lè yo jwenn alèt la epi yo dwe swiv tout pwotokòl ki referanse anlè a yo.

IV. PLAN OPERATÈ YO

Antite ki Responsab yo dwe poste byen klè plan sekirite konplè yo nan espas etablisman yo. Eta a te mete disponib yon modèl plan sekirite reyouvèti biznis yo pou ka gide nan devlopman plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19, epi plan sa adaptab pou enstitisyon relijye yo itilize.

Gen enfòmasyon, lis enstwiksyon, ak resous adisyonèl ki dispobib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Kowonaviris (COVID-19) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt Kowonaviris (COVID-19) Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Nan lyen ki anba la a, konfime ke ou te li epi konprann obligasyon ou genyen pou ka fonksyone konfòmeman a enstwiksyon sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>